

TOUAZIÈM CHAPIT

Mouin kouè nan Éspri-Sin-an

ATIK 9

« Mouin kouè légliz-la sin é li la pou tout moun » (Sint Égliz katolik)

**PARAGRAF 5. *Tout byin zanmi Bondié-yo fè sèvi lòt-yo*
(Kominion Sin-yo = Tout Sin-yo fè youn)**

946 Sinbòl Apostolik-la, apré-l fîn dékläré « Égliz katolik-la sin », li ajouté
 « kominion sin-yo » (tout byin zanmi Bondié-yo fè sèvi lòt-yo). Atik sa-a
 823 sé tankou éksplikasion sa-k vîn anvan-an : « Kisa l'Égliz-la yé si sé pa
 rasanbléman tout sin-yo ? » (Nicétas, symb. 10 : PL 52, 871B). Kominion
 sin-yo sé sa présizéman ki l'Égliz-la.

947 « Paské tout fidèl-yo sé yon sèl kò yo yé, youn kominiké byin-l bay
 lòt. [...] Sé pou sa tou pami lòt bagay-yo yo doué kouè [...] gin yon
 790 kominion byin-yo nan l'Égliz-la [...]. Manb prinsipal-la sé Kris-la, paské
 sé li ki Tèt-la. [...] Donk byin Kris-la kominiké [...] bay tout manb-yo ;
 épi kominikasion sa-a fèt palintèmèdiè sakréman l'Égliz-la » (S. Thomas
 d'A., symb. 13). « Yon sèl Éspri-a réyèlman ki dirijé-l la fè ninpòt sa yo
 ba li, li komin » (Catech. R. 1, 10, 24).

948 Sé poutèt sa éksprésion « kominion sin-yo » gin dé signifikasion :
 1331 « patisipé ansanm nan bagay ki sin-yo (*sancta*) » épi « kominion moun ki
 sin-yo (*sancti*) youn ak lòt ».

« *Sancta sanctis !* (Bagay ki sin-yo sé pou moun ki sin-yo !) » sé sa
 sélébran-an proklamé nan pliziè litiji oriental lè yo lévé Ofrann ki sin-yo
 anvan sèvis kominion-an. Fidèl Kris-la (*sancti*) nouri ak kò épi san Kris-la
 (*sancta*) pou yo kapab grandi nan kominion Éspri-Sin-an (*Koinonia*) épi
 yo kominiké-l bay moun-yo sou tè-a.

I. Kominion byin spirituèl-yo

949 Nan prémié kominoté Jérusalèm-nan, disip-yo « té pèsévré nan
 ansègnman apot-yo, nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyè-
 yo » (Ac 2, 42).

185 *Kominion nan lafoua-a.* Lafoua fidèl-yo sé lafoua l'Égliz-la résévoua nan min Apot-yo, trézò lavi ki anrichi antan yo kominiké-l.

950 *Kominion sakréman-yo.* « Frui tout sakréman-yo réyèlman sé pou tout fidèl-yo ansanm li yé ; ak sakréman-yo tankou ak chinn ki sakré, yo konékté épi yo ataché ak Kris-la, sitou gras a batèm-nan nan pam yo tout, ki tankou pòt koté yo antré nan l'Égliz-la. Kominion sin-yo minm, yo doué konprann-li kòm kominion sakréman-yo, sé sa Pèr-yo vlé di nan Sinbòl-la [...]. Non sa-a [kominion] korésponn ak tout sakréman-yo, poutèt yo fè nou fè youn ak Bondié [...] ; pi plis toujou li pròp pou Ékaristi-a, ki réalisé kominion sa-a nèt » (Catech. R. 1, 10, 24).

951 *Kominion karism-yo* : nan kominion l'Égliz-la, Éspri-Sin-an « distribué nan tout ran fidèl-yo lagras spésial tou » pou bati l'Égliz-la (LG 12). « Yo bay chak moun maniféstasion Éspri-a pou sa-k itil-la » (1 Co 12, 7).

952 « *Tout bagay té ansanm pou yo* » (Ac 4, 32) : « Pa gin anyin minm yon moun ki krétyin tout bon posédé, pou-l pa doué konsidéré sa sé an komin pou li ak pou tout lòt moun-yo ; sé poutèt sa li doué toujou anprésé épi préparé pou-l soulajé mizè sa-k pa gin mouayin-yo » (Catech. R. 1, 10, 27). Krétyin-an sé administratè byin Granmèt-la (cf. Lc 16, 1. 3).

953 *Kominion nan charité-a* : nan *sanctorum communio* (kominion sin-yo) « pèsonn nan nou pa viv pou pròp tèt li, épi pèsonn pa mouri pou pròp tèt li » (Rm 14, 7). « Si yon manb ap soufri, tout manb-yo ap soufri ansanm avèk li ; si yon manb jouinn konpliman, tout manb-yo kontan ansanm avèk li. Nou minm nou sé kò Jézu-Kri, épi nou youn sé manb lòt » (1 Co 12, 26-27). Charité-a « pa chèché bagay ki pou li-yo » (1 Co 13, 5 ; cf. 10, 24). Ninpòt ti aksion charité nou fè réjayı pou avantaj tout moun, sé sou solidarité youn ak lòt sa-a ak tout moun-yo, sa k-ap viv ni sa-k mouri, kominion sin-yo fondé. Tout péché andomajé kominion sa-a.

II. Kominion ant l'Égliz sièl-la ak tè-a

954 *Toua kondision l'Égliz-la.* « Donk, joustan Granmèt-la vini nan pouvoua-li, épi tout anj-yo avèk li, épi antan lanmò détrui, pou tout bagay soumèt anba Granmèt-la, kèk nan disip li-yo an pèlerinaj sou tè-a, lòt minm, apré mision yo nan lavi sa-a, ap sibi purifikasyon, lòt minm nan gloua-a antan yo ouè “Bondié aklè jan-l yé-a, li minm ki youn épi toua-a” » (LG 49) :

« Min nou tout, nan diféran dégré ak nan diféran fason, nou kominié nan minm rinmin-an pou Bondié ak pou prochin-an, épi n-ap chanté minm kantik gloua-a pou Bondié nou-an. Réyèlman tout moun ki pou Kris-la, antan yo gin Éspri li-a, yo vîn fòmé yon sèl l'Égliz-la épi yo rété kolé ansanm youn ak lòt nan li » (LG 49).

- 955 « Sé poutèt sa, fason sa-k sou rout-yo fè youn ak frè-yo k-ap dòmi nan lapè Kris-la, li pa sispann nan anyin, plis toujou, dapré lafoua l’Égliz-la toujou kinbé-a, kominion nan byin spirituèl-yo vîn ranfòsé » (LG 49).
- 956 *Intèsésion priyè sin-yo.* « Kòm sa-k nan sièl-yo vîn fè youn ak Kris-la yon fason pi séré, yo konsolidé tout l’Égliz-la ak plis asirans nan viv sin-an [...]. Yo pa sispann intèsédé pou nou kot Papa-a, antan yo ofri mérit yo té vîn ginyin sou tè-a gras a sèl Médiatè ant Bondié ak moun-yo, Kris Jézu. [...] Sé tankou frè y-ap pran souin édé féblès-nou nan diféran fason » (LG 49) :
- « Pa kriyé, paské m-ap pi itil nou nan koté mouin pralé-a pasé jan-m té yé isit-la » (Sin Dominik, antan l-ap mouri, té palé konsa ak frè-l yo, cf. Jourdain de Saxe, lib. 93).
- « Mouin vlé pasé sièl mouin-an antan m-ap fè byin sou tè-a » (Ste. Thérèse de l’Enfant-Jésus, verba).
- 957 *Kominion avèk sin-yo.* « Sé pa sèlman an rézon égzanz yo nou sélébré mémoua sin-yo, min pi plis pou fason tout l’Égliz-la fè youn nan Éspri-a kapab ranfòsé gras a pratik rinmin fratènèl-la. Réyèlman, minm jan kominion ant vouayajè-yo nan léspri krétyin-an sa kondui nou pi pré Kris-la, konsa tou asosié nou asosié ak sin-yo fè nou fè youn ak Kris-la, sé nan li, tankou nan sous-la ak tèt-la, tout lagras ak tout lavi Pèp Bondié-a vîn koulé soti » (LG 50) :
- « Li-minm [Kris-la] réyèlman, nou adoré-l kòm Ptit Bondié ; mati-yo minm kòm disip Granmèt-la k-ap imité-l yo mérité pou nou rinmin-yo poutèt byinvéyans ekstraòdinè yo-a aléga Roua-a ak Mèt-la ; nou souété nou-minm tou vîn tounin konpagnon yo ak kondisip yo » (S. Polycarpe, mart. 17).
- 958 *Kominion avèk défin-yo.* « Antan l’Égliz moun sa-yo ki an vouayaj-la byin rékonèt kominion tout kò mistik Jézu-Kri-a, dépi nan prémié sièk tan rélijion krétyin-an li té onoré souvni défin-yo ak anpil dévotion, épi, kòm “sé yon lidé ki sin, ki bon, pou priyé pou défin-yo, pou péché yo kapab padoné” (2 M 12, 46), li té konn prezanté siplikasion pou yo » (LG 50). Priyè nou-an pou yo non sèlman li kapab édé yo, min tou li kapab fè intèsésion yo an favè nou vîn pi éfikas.
- 959 *Nan yon sèl fanmi Bondié-a.* « Nou tout ki pitit Bondié épi ki fòmé yon sèl fanmi nan Kris-la, antan nou kominié nan rinmin youn pou lòt épi nan yon sèl louanj pou Trè Sint Trinité-a, nou vîn korésponn ak sa ki vokasyon intim l’Égliz-la » (LG 51).

RÉZIMÉ

- 960 *L’Égliz-la sé « kominion sin-yo » : eksprésion sa-a désigné toudabò « bagay ki sin-yo » (sancta), épi sitou Ékaristi-a, sé palintèmèdiè-l*

« unité fidèl-yo vîn prezan épi réalizé nèt, yo minm ki fòmé yon sèl kò nan Kris-la » (LG 3).

961 *Paròl sa-a dézignin tou kominion « moun ki sin-yo » (sancti) nan Kris-la li-minm ki « mouri pou tout moun », yon fason pou sa chak moun fè oubyin soufri nan Kris-la épi pou Kris-la, li poté frui pou tout moun.*

962 *« Nou kouè nan kominion tout fidèl Kris-la, sètadi sa-yo ki an pélérinaj sou tè-a, sa-yo ki défin k-ap purifié épi sa k-ap joui kontantman anplin sièl-la, yo tout ansanm yo fòmé yon sèl l'Égliz-la ; minm jan-an tou nou kouè nan kominion sa-a rinmin mizérikòd Bondié-a ak sin-l yo dispozé pou nou, li minm zòrèy li-yo toujou dispozé pou kouté priyè nou-yo » (SPF 30).*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jéneral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)